


OU GEN DWA!

KÈLKESWA STATI IMIGRASYON W, OU GEN DWA:



- Pou yo peye w pou tout èdtan ou te travay, sa gen ladan l peryòd fòmasyon yo



- Pou yo peye w omwen salè minimòm, ou dwe touche lè siplemantè epi yo dwe peye w regilyèman (an jeneral chak semèn oswa chak de semèn)



- Konnen montan yo retire nan salè w, epi pa janm aksepte pou yo retire nan salè w san w pa bay yon konsantman ekri anvan



- Travay nan yon anviwònman ki pa reprezante yon danje ki pa gen diskriminasyon, tizonnay seksyèl ak abi
- Mande èd nan Ministè Travay Eta Nouyòk san w pa pè reprezay

PWOTEJE TÈT OU!

KENBE YON DOSYE:

- Ki gen jou ak lè ou te fè ap travay yo
- Ki gen kantite kòb ak kilè yo te peye w
- Dat ak lè ki te gen bagay enpòtan ki te rive nan travay la (blesi, menas oubyen konfli), e kiyès ou te di sa



TRAVAY FÒSE SE YON KRIM! LI TA KA YON VYOLASYON KRIMINÈL DWA W

SI:



- Yo te di w ou dwe travay pou w peye yon dèt
- Yo te di w konpayi w ap travay la ap sezi paspò w oubyen kat idantite w



- Yo te pwomèt ou yon avantaj e yo pa janm ba ou l, tankou yon kat rezidans oubyen lajan



- Yo fè w menas y ap rele imigrasyon oubyen lapolis si w pa travay
- Yo fè w menas y ap fè ou menm oubyen fanmi w mal



- Yo fè w mal, oubyen yo fè yon manm nan fanmi w mal

Pou plis enfòmasyon konsènan dwa w genyen yo ak èd ki disponib pou ou, rele liy dirèk nasyonal pou trafik moun nan 24 sou vennkat nan **888.373.7888** oubyen liy dirèk DOCE a ki se **877.466.9757**.

Ou ka voye yon imel nan trafficking@labor.ny.gov tou

888-469-7365 | [f](#) [t](#) [i](#) [i](#) [v](#) [@nyslabor](#) | www.labor.ny.gov

Ministè Travay Eta Nouyòk se Yon Enstitisyon/Pwogram ki bay tou moun menm Posibilite.
Èd ak sèvis oksilyè yo disponib sou demann e yo gratis pou moun ki gen andikap
TTY/TDD 711 oswa 1-800-662-1220 (Anglè) / 1-877-662-4886.